

NEW YORK METE W PRÈ

SIKLÒN AK VIL NEW YORK

Anpil moun kwè siklòn afekte sèlman zòn ki lwen yo nan sid New York. Men, tanpèt ki konn frape sou kòt yo, ansanm ak siklòn yo tou kapab epi gen efè sou Vil la. Kidonk, gwo popilasyon ak kòt trè devlope New York fè Vil la tonbe pami zòn ki pi ekspozé nan domaj ki asosye ak siklòn.

Akòz jeyografi rejyonal la, siklòn nan New York—menm si yo pa fèt souvan—ka fè plis domaj pase siklòn ki gen menm fòs nan sid Etazini. Nan yon gwo siklòn, mare tanpèt la ka mete kèk pati New York anba plis plase 30 pye dlo. Biwo Jesyon Ijans Vil New York ap travay pou asire Vil la pare pou tanpèt sou kòt yo ak siklòn yo. Li enpe pou aprann plis sou fason ou kapab prepare.



Vil New York
Biwo Jesyon Ijans
Michael R. Bloomberg, Majistra
Joseph F. Bruno, Manm Komisyon
Edisyon 2006



cover photography, Jonathan Gaska: Queens CB14

TÈM TANPÈT SOU KÒT

Sezon Siklòn

Premye Jen jouk 30* Novanm

Siklòn Twopikal

Yon sistèm metewolojik òganize k ap vire toutotou, k ap devlope nan twopik yo epi ki gen yon sant cho presyon bawometrik fèb.

Tanpèt Twopikal

Yon siklòn twopikal avèk van k ap soufle 39-73 mph (mil pa èdtan)

Siklòn

Yon siklòn twopikal avèk van k ap soufle 74 mph (mil pa èdtan) oswa plis

Alèt Ouragan

Se kominikasyon yo bay pou yon zòn kotyè lè gen yon means siklòn ki kapab frape nan 24-36 èdtan

Avi pou Siklòn

Se kominikasyon yo bay lè yo prevwa kondisyon yon siklòn nan yon zòn kotyè espesifik nan 24 èdtan oswa mwens. Kondisyon siklòn nan gen ladan van 74 mph (mil pa èdtan) oswa plis ak/ oswa gwo mare oswa vag danjere.

*Dapre listwa, pi gwo posiblite pou gen siklòn nan vil New York se ant mwa dout ak mwa sektanm.

KOUMAN YO MEZIRE FÒS YON SIKLÒN

Yo klase siklòn yo selon fòs van an ki mezire nan Echèl Siklòn Saffir-Simpson. Yon tanpèt Kategori 1 gen van avèk pi piti vitès, alòske Kategori 5 lan gen van ki fò.

Kalite Siklòn twopikal	Kategori	Posiblite pou Domaj	Vitès Van (an mil pa èdtan)
Siklòn	1	Minimal	74-95
Siklòn	2	Modere	96-110
Siklòn	3	Ekstansif	111-130
Siklòn	4	Ekstrèm	131-155
Siklòn	5	Katastwofik	156+

RESOUS

**NYC Office of Emergency Management
(Biwo Jesyon Ijans Vil New York)**
NYC.gov/oem

**NY State Emergency Management Office
(Biwo Jesyon Ijans Leta New York)**
www.nysemo.state.ny.us

**Federal Emergency Management Agency
(Biwo Federal pou Jesyon Ijans)**
www.fema.gov

**Department of Homeland Security
(Depatman Sekirite Teritwa)**
www.ready.gov

**American Red Cross in Greater New York
(Lakwa Wouj Ameriken nan Greater New York)**
www.nyredcross.org
877-RED-CROSS

**National Hurricane Center/Tropical Prediction Center
(Sant Nasyonal pou Siklòn/Sant Previzyon Twopikal)**
www.nhc.noaa.gov

National Weather Service (Sèvis Nasyonal Metewoloji)
www.weather.gov

NOAA All Hazards Radio difize avètisman, alèt, previzyon ak lòt enfòmasyon sou danje pou National Weather Service (Sèvis Nasyonal Metewoloji) 24 èdtan pa jou.

Sizoka gen yon siklòn k ap pwoche, rele 311 (TTY: 212-504-4115) oswa ale nan sit entènèt NYC.gov pou konsèy ak enfòmasyon.

KOUMAN MWEN KA PARE PWÒP TÈT MWEN?

Pi bon fason pou prepare pou evakyasyon akòz yon siklòn se konnen zòn evakyasyon epi pou devlope yon plan davans.

© Getty, Keith Goldstein

DETÈMINE SI W AP RETE NAN YON ZÒN EVAKYASYON

Itilize *Hurricane Evacuation Zone Finder* nan NYC.gov/oem, rele 311 (TTY: 212-504-4115), oswa ale nan kat jeyografik ki nan tiliv sa a pou chèche konnen si adrès ou fè pati yon zòn evakyasyon.

Espas nan vil la kote mare tanpèt la ka inonde separe an twa (3) zòn selon fason tanpèt ki gen fòs diferan ap frape yo. Moun k ap viv nan kèk nan zòn sa yo ka bezwen deplase selon fòs tanpèt k ap vini an.

SI W RETE NAN YON ZÒN EVAKYASYON

Prepare Yon Plan pou Katastwòf

Develope yon plan avèk manm fanmi ou ki gen ladan sa pou fè, fason pou yon jwenn lòt, ak fason pou kominike si yon siklòn frape vil Nouyòk.

Konnen Kote Pou Ale

Minisipalite a rekòmande moun ki evakye yo pou yo rete avèk zanmi oswa fanmi k ap viv deyò limit zòn evakyasyon an. Pou moun ki gen lòt kote pou yo pran refij, Minisipalite a ap louvri refij siklòn yo toupatou nan senk (5) awondisman yo.

Pou asire resous yo itilize avèk efikasite, Minisipalite a ap mande tout moun ki evakye yo pou yo ale nan yon sant evakyasyon. Depi moun ki evakye yo rive nan sant evakyasyon an, y ap asiyen yo swa yon refij pou siklòn nan menm lokal la oswa y ap mennen yo nan refij asosye nan otobis.

Pou jwenn adrès sant evakyasyon ou, itilize *Hurricane Evacuation Zone Finder* nan NYC.gov/oem, rele 311 (TTY 212-504-4115) oswa ale nan kat jeyografik ki nan tiliv sa a.

Kite yon Sak pou Deplasman Toupare

Tout moun nan kay la ta dwe gen yon ti Sak pou Deplasman – yon gwoup atik ou ka bezwen pandan yon evakyasyon ki anpile nan yon bwat fasil pou pote tankou yon sakado. Yon Sak pou Deplasman ta dwe fasil pou jwenn si w dwe kite kay ou avèk anpresman. (Al gade lis Sak pou Deplasman ki adwat la)

Rasanble yon Twous Pwovizyon pou Ijans

Selon gravite tanpèt la, ou ka resewa enstwiksyon pou pran refij anplas (rete lakay ou) pandan yon siklòn menm si w ap viv nan yon zòn evakyasyon. Konsève pwovizyon ki nesèsè lakay ou pou siviv pandan omwen twa (3) jou. (Al gade lis Pwovizyon ki adwat la)

SI W PA RETE NAN YON ZÒN EVAKYASYON

Rasanble yon Twous Pwovizyon pou Ijans

Tout zòn Vil la ka fè fas avèk danje ki asosye avèk siklòn nan tankou gwo van, inondasyon, tònad, epi ou ka pa jwenn sèvis piblik. Ou ka resewa enstwiksyon pou pran refij anplas (rete lakay ou) pandan plizyè jou pou jouk lè siklòn nan fin pase. (Al gade lis Pwovizyon ki adwat la)

SI W RETE NAN YON BILDING APATMAN KI WO ANPIL

Moun ki abite nan bilding apatman ki wo anpil ka fè fas ak risk espesyal siklòn yo menm si y ap viv sennesòf deyò zòn evakyasyon yo.

Si w abite nan yon bilding ki wo anpil deyò yon zòn evakyasyon, ou dwe pare pou ale nan refij sou dizyèm etaj la oswa anba dizyèm etaj la.

Si w abite nan bilding ki wo anpil epi ki nan yon zòn evakyasyon, se pou w konsidere lòd evakyasyon an.



YON SAK POU DEPLASMAN TA DWE GEN LADAN

■ Kopi dokiman enpòtan ou nan yon bwat ki byen fèm pou li pa jwenn ak dlo epi ki kapab pote san pwoblèm (kat asirans, kat idantite ki gen foto, prèv adrès, elatriye)

■ Yon lòt twous kle oto ak kle kay

■ Kat Kredi/ATM ak 50-100 dola kach an ti biyè

■ Dlo mineral ak manje ki p ap gate tankou enèji ak sereyal an mòso.

■ Flach

■ Radyo ki jwe ak pil sou frekans AM/FM ak pil rezèv

■ Enfòmasyon ki ajou sou medikaman ak lòt atik pèsònèl enpòtan. Konsève yon lis medikaman chak moun nan kay la pran, rezon yo pran yo, ak dòz yo. Epiou mete non ak nimewo telefòn tout doktè yo

■ Twous premye swen

■ Enfòmasyon pou pran kontak ak kote pou moun kay la rankontre a, epiou yon ti kat jeyografik zòn nan

■ Atik pou swen timoun yo oswa lòt atik pou swen espesyal

YON TWOUS PWOVIZYON POU IJANS TA DWE GEN LADAN

■ Yon galon dlo mineral pou chak moun pa jou

■ Manje nan bwat, toupare ki p ap gate ak yon kle pou louvri bwat yo alamen

■ Twous premye swen

■ Flach

■ Radyo ki jwe ak pil sou frekans AM/FM ak pil rezèv

■ Siflè

■ Ti grenn dyòd oswa yon ka klowòks san odè (pou dezenfekte dlo SÈLMAN si ofisyèl yo mande pou fè sa) ak yon konngout (pou mete klowòks la nan dlo)

■ Atik ijyèn pèsònèl: savon, pwodui pou ijyèn fanm, bwòs dan, pat dantifris, elatriye.

■ Telefòn ki pa mache ak kouran elektrik

■ Atik pou swen timoun yo oswa lòt atik pou swen espesyal

ANVAN TANPÈT LA

Toujou pran enfòmasyon

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou yon tanpèt k ap pwoche oswa pou chèche konnen si w ta dwe deplase, pran emisyon radyo ak televizyon, ale nan sit entènèt NYC.gov oswa rele 311 (TTY: 212-504-4115).

Mete kay ou an sekirite

Si yo anonse alèt ouragan twopikal oswa alèt siklòn:

■ Antre andedan kay objè lejè ki ka vole anlè, tankou mèb ki nan lakou a, poubèl, zouti jaden, ak jwèt.

■ Ranje objè k ap danjere pou antre andedan, tankou griy ki mache ak gaz oswa tank gaz pwopàn. Fèmèn tank gaz pwopàn yo.

■ Fèmèn fenèt yo byen epi mete sipò padèyè pòt yo.

■ Mete atik ki gen valè nan yon bwat oswa sache plastik ki p ap jwenn dlo.

Ede Lòt Moun Yo Prepare

Tcheke zanmi, manm fanmi, ak vwazen, sitou moun ki enfim oswa ki gen bezwen espesyal, epi ede yo avèk preparasyon ak evakyasyon yo.

Si w abite deyò yon zòn evakyasyon, ofri refij pou fanmi ak zanmi ki ka bezwen evakye.

Si Yo Ta Mande W pou Evakye, Fè Sa San Pèdi Tan

■ Minisipalite a ap kominike atravè medya lokal yo enstwiksyon espesifik konsènan ki zòn Vil la ki ta dwe evakye.

Si Minisipalite a Emèt Yon Lòd Evakyasyon pou Zòn Ou:

■ Evakye san pèdi tan.

■ Si w prale nan yon sant evakyasyon, pake valiz ki pa lou epi pote:

Sak pou Deplasman Ou

Sak pou dòmi oswa atik pou kouche

Rezèv medikaman oswa ekipman ki nesèsè

■ Fè zanmi oswa manm fanmi ou konnen kote ou prale.

E KONSÈNAN BÈT NAN KAY MWEN?

Asire plan pou katastwòf ou gen ladan sa w pral fè avèk bèt nan kay ou si oblije kite kay ou akòz siklòn nan. Planifye pou mete bèt nan kay ou nan refij nan yon nich oswa kay zanmi oswa kay manm fanmi ki abite deyò zòn evakyasyon an.

Asire ou gen pwovizyon pare pou bèt nan kay ou sizoka ou ta dwe evakye. Pwovizyon an dwe gen ladan manje, yon lès, yon mizo, prèv piki, ak yon kaj oswa yon sak.

KONT POU BEZWEN ESPESYAL

■ Anvizaje posiblite ou epi asire plan preparasyon ou gen ladan fason bezwen espesyal ou yo ap afekte ladrès ou pou evakye.

■ Detèmine si w ap bezwen asistans epi fè aranjman èd zanmi, manm fanmi oswa vwazen.

■ Anvizaje pwovizyon ak ekipman siplemantè ou ka bezwen pote avèk ou, tankou aparèy medikal ak ekipman sekou.

■ Ajoute tan adisyonèl epi evalye chwa pou transpò ou.

Llame al 311 (TTY: 212-504-4115) o visite NYC.gov/oem para obtener acceso a este folleto en español.

Per ottenere una copia di questa pubblicazione in lingua italiana, chiamare il 311 (TTY: 212-504-4115) o recarsi all'indirizzo web NYC.gov/oem.

Rele 311 (TTY: 212-504-4115) oswa vizite NYC.gov/oem pou jwenn tiliv sa a an Kreyòl.

Telefonować pod nr 311 (teletekst dla osób z upośledzeniem słuchu: 212-504-4115) lub wejść na stronę NYC.gov/oem, aby przeczytać broszurę w jęz. polskim.

Звоните 311 (TTY: 212-504-4115) или посетите NYC.gov/oem чтобы получить эту брошюру на русском языке.

한국어로 된 브로셔 입수를 원하시면 311 (TTY: 212-504-4115) 로 전화하시거나 또는 NYC.gov/oem 을 방문하십시오.

請致電 311 (TTY: 212-504-4115) 或訪問 NYC.gov/oem 查看中文版的年冊。

311 (TTY: 212-504-4115) پر کال کریں یا اردو میں اس کتابچہ تک رسائی کے لئے NYC.gov/oem ملاحظہ فرمائیں۔

اطلب هاتف رقم 311 (TTY: 212-504-4115) أو قم بزيارة موقع الإنترنت NYC.gov/oem لقراءة هذا الكتيب باللغة العربية.

רופס 311 (TTY: 212-504-4115) אדער באזוכט NYC.gov/oem צו זעהן דעם בראשור אין אידיש.